# НЕФТЕЮГАНСК ГІАЛАРА А, КІОШТАРА А БАХАРХОЙ СОЦИАЛАН ЛАРБАРАН УРХАЛЛА

28.12.2013 № 442-ФЗ тIера «Россин Федерацийн бахархойчеран социалан хьашташ кхочушдарех лардаш» Iедалца бакъо йогIуш ю Россин Федерацийн бахархойчеран а, кхечу махкара бахархойчеран а, Россин Федерацийн мехкалла йоцуш даим Iашболчеран а, мухIажаршна а шена социалан хьашташ кхочушхилар.

Социалан кхачонаш схьаоьцучеран, хIорачунна шен-шен хьаштонаш дIа а доруш,

хIокху тайпана социалан гIуллакхашка хьовсу:

- социалан-дахаран, социалан кхачонаш схьаоьцучеран Iар-дахар латторна хьажийна долу;
- социалан-медицинан, социалан кхачонаш схьаоьцучеран могушалла латторна а, ларъярна а хьажийна долу, Iалашъяр а, могушалла таен бахьанаш лелорна гIо лацар а, могушаллин хьолана галдаларш гучудоккхуш социалан кхачонаш схьаоьцучарех хаддаза Iуналла а вовшахтохарца;
- социалан-синIаткъаме, юкъараллин хьелех болийтархьама социалан кхачонаш схьаоьцучеран синIаткъаме хьолана коррекци ен гIо даран, цIарца йоцу тешаман телефон чухула синIаткъаме гIо даран а тIехь билгалдина долу;
- социалан-хьехархойн, социалан кхачонаш схьаоьцучеран адаман леларани, кхиамани галдаларшна профилактика яран а, церан самукъдолу хьашташ дерзар а (мукъа хан кхоче а тIехь), церан мукъа хенаш хилийтар а, доьзал кхиош хIусамна гIо даран а хьажийна долу;
- социалан-белхан, балха хIоттарца а, кхин дIа белхан доларех доьзна синхьовзамаш кхочушъярца а гIо даран хьажийна долу;
- социалан-бакъонан, социалан кхачонаш схьаоьцучеран бакъонаш а, Iедалан хьашташ а ларъяран юристийн гIуллакхе хьовсарна, мехаза гIуллакхаш а тIехь, гIо даран хьажийна долу;
- Iар-дахарна дозанаш долу , инвалид-бераш хилар а тIехь, социалан кхачонаш схьаоьцучеран коммуникативан потенциал совъяларан Iалашонна долу гIуллакхаш;
- хан йиллина социалан кхачонаш.

Социалан кхачонаш эцарна «Бахархойчеран социалан хьашташ кхочушдарна Нефтеюганскан комплексан центр» бохучу адрес тIе ваха веза:

Нефтеюганск гIала, 8а микрорайон, 14-гIа цIа (оршот-пIерискан денош – 09:00-13:00, иштта 14:00-17:00 сахьташкахь)

Телефон: 8 (3463) 223824,
8 (3463) 274713.

ОТДЕЛ ПО ПРОФИЛАКТИКЕ ПРАВОНАРУШЕНИЙ И СВЯЗЯМ С ПРАВООХРАНИТЕЛЬНЫМИ ОРГАНАМИ АДМИНИСТРАЦИИ ГОРОДА

# НЕФТЕЮГАНСК-ГІАЛА БОГІУШ БОЛУ КХЕЧУ МАХКАРА БАХАРХОШНА АДРЕСАШ ХОУЬЙТУ ИНФОРМАЦИ

**Россин Федерацийн Нефтеюганск-гІалара Чоьхьарчу ГІуллакхийн Министараллан Іедал-дакъа (кхечу махкара бахархойчеран миграцех лаьцна хаттаршца белхаш беш долу Іедал-дакъа)**

хІокху тайпана пачхьалкхан гІуллакхашка хьожу:

- Россин Федерацийн мехкаллех лаьцна хаттарш долу бахархой тІеэцар;
- Патенташ схьаоцуьйту а, кечъйойту а йозанан дехарш дІаэцар;
- Мехкалла йоцу кхечу махкара бахархой миграционийн дІаларам юкъи хІотторех хаттарш долу дехар-яздархой тІеэцар;
- Россин Федерациехь хенан Іойту бакъонан кехат кечдарех а, ехха хенаш йоккхуьйту кехаташкех а, кхечу махкара бахархой бехар болу меттигашкахь миграционийн дІаларам юкъи хІотторех а хаттарш долу кхечу махкара бахархой а, мехкалла йоцуш берш а тІеэцар.

Консультаци эцарна хІокху адрес тІе ваха веза:

Нефтеюганск-гІала, Киевски урам, 8-гІа цІа,

кху тІеоьцу сахьташкахь:

– кабинет №102 – патент схьаэцар а, кечъяр а. Болхбаран раж: оршот-де, шинари-де, еари-де, пІерискан-де – 09:00-12.00;

– кабинет №103 – дІакхаьчна меттехь кхечу махкара бахархой миграционийн дІаларам юкъи хІоттор. Болхбаран раж: оршот-де, шинари-де, еари-де, пІерискан-де – 09:00-11.00 а, иштта 14:00-16:00 сахьташкахь а, юха тІаккха бутт юкъер 2 – 4 шуота-деношкахь – 09:00-13:00 сахьташ;

– кабинет №104 – хенан Іойту бакъонан кехат а, ехха хан йоккхуьйту кехат а далар. Болхбаран раж: оршот-де, шинари-де, еари-де, пІерискан-де – 09:00-12.30 сахьташкахь,

– РВП штамп тІехоттор (хенан Іойлана бакъо),

бехар болу меттигашкахь миграционийн дІаларам юкъи хІоттор (хенан Іойту бакъонан кехат а, ехха хан йоккхуьйту кехат а деллачул тІехь). Болхбаран раж: шинари-де, еари-де 14:00 - 15:00 сахьташкахь.

Пачхьалкхан гІуллакхаш хьалхе телефон чухула дІавазвеллачул тІехь Іалашдо:

кабинет №102 - тел.: 8 (3463) 295675, кхаари-де – 09:00-10:00 сахьташкахь;

кабинет № 103 - тел.: 8 (3463) 223787, тІеоьцу сахьташкахь;

кабинет № 104 - тел.: 8 (3463) 295674, тІеоьцу сахьташкахь.

Нефтеюганск-гІалан поштано а, МФЦ-но а кхочушдо кхечу махкара бахархой миграционийн дІаларам юкъи дуьххьарлера хІотторан пачхьалкхан гІуллакхаш.

# КУ ХМАО - ЮГРАН
# «БАХАРХОЙЧЕРАН МУКЪАЗАЛЛИНА НЕФТЕЮГАНСКАН ЦЕНТР»

Пачхьалкхан гIуллакхаш кхачийтаран дехар-яздархой юкъи Россин Федерациер бахархой а, кхечу махкара бахархой а, Россин Федерацийн мехкалла йоцуш берш а, болх луш берш а, церан векалш а богIу.

Бахархойчеран мукъазаллина Нефтеюганскан центрехь хIокху рогIера пачхьалкхан гIуллакхашка тайпанна хьовса йиш йолуш ю:

- мегарг болх лахарехь гIо дар, я оьшу белхалой харжар;
- Нефтеюганск гIала йолу муниципалан кхолламехь белхийн хьашташ хьолана хаамбар;
- Корматалла хоржуш говзаллин ориентаци;
- балха хIоттор а, корматалла Iамор а;
- вакансин базарш а, дешаран белхийн меттигш а вовшахтохар.

<u>Пачхьалкхан гIуллакхашка хьовсийта кху рогIера документаш оьшу:</u>

- йозанан дехар, Россин Федерацийн вахархочунан паспорт (я иза хийца хьокъехь долу документ), я кхечу махкара вахархочунан а, мехкалла йоцучеран а тоьшуьйту документ.

Пачхьалкхан гIуллакхаш кхачар йозанан дехар чудалар бахьана тIера пачхьалкхан гIуллакхашка хьовсу.

Бахархойчеран мукъазаллина Нефтеюганскан центрано кхочуш хулуьйту, пачхьалкхан гIуллакхашка хьовсийта хIокхехь хьажа веза:

ХМАО – Югра, Нефтеюганск гIала, 12 мкр., 18 цIа, 34 чоь.

Телефон: 8 (3463) 256550,

Факс: 8 (3463) 256535

**Нефтеюганск гIалара культурин комитетан а, туризман администрацин а Iедал-кIелара хьукуматаш, кхечу махкара бахархойчеран гIуллакхашка хьовсуш долу**

МБУК (Муниципалан бюджетан культурин хьукумат) «ГIалин библиотека» хьожу гIуллакхашка:

- Интернет машан сервисашна а, информацийн, коммуникацийн ресурсашна а тIекхочийла латтор, къаьстина муниципалан а, регионалан а, россин информацийн а ресурсашна тIекхочийлан хилийтар а тIехь;
- пачхьалкхан (муниципалан) гIуллакхашка хьажаран а, кхачийтаран а консалтинг;
- хьукматеин-меттигера хийцамашех кехаташ кечдар;
- мигранташна дагалацаман кехаташ арахецар.

ЦО «Дом»-о (Хьашташ кхочушъяран центр «ЦIа») луш йолу, МБУК «ГIалин библиотека» (http://yuganIib.ru/) официалан сайтчохь «Юкъараллин тIекхочийлан центр» бохучу декъа юкъехь шайолу кхачонаш хIоттийна ю, бахархойчарна пайден хьажоргаш а тIехь. Мигранташна къаьстина рубрикица схьакъастийна информаци ю (http://yuganIib.ru/tsod/informatsiya-dIya-migrantov).

ГIуллакхашка хьажийтаран Централе гIалин библиотеки ваха веза хIокху адрес тIе:

Нефтеюганск гIала, 2А микрорайон, 8-гIа гIишло (Юкъараллин тIекхочийлан центр), телефон: 8 (3463) 231981.

Болхбаран раж: шинари-де тIера кIиран-де кхаччалц, 08:30-17:30 сахьташкахь;

оршот-де – мукъа де ду.

МБУК «Къаьмнийн культурашна центр»

коммуникативан зIе хиларан а, мигранташ Нефтеюганск-гIалара къаьмнийн юкъараллин организацишна хьалхабоьвлачарца бартбаран а гIуллакхашка хьожу.

ГIуллакхашка хьажийтаран «Къаьмнийн культурин центр» МБУК-ан къаьмнийн юкъараллин организацишца болхбаран гIуллакхан-декъа ваха веза, хIокху адрес тIе:

Нефтеюганск гIала, 11-гIа микрорайон, 62-гIа гIишло.

Телефон: 8 (3463) 22 28 58.

Болхбаран денош: оршот-де тIера пIераскан-де кхаччалц, 08:30 – 17:30 сахьташкахь;

шуота-де, кIиран-де – мукъа денош ду.

**Нефтеюганск гІалара администрацин физкультурин а, спортан а комитетана Іедал-кІелара хьукуматаш, кхечу махкара бахархойчеран гІуллакхашка хьовсуш долу**

Муниципалан автономийн хьукумат (кхидІа иза МАУ)

«Олимпийн резервана спортан ишколаш (кхидІа иза СШОР) «Сибиряк»

Спортан кечам хилийтаран гІуллакхашка хьожу:

- нека дар, спортан пелхьолла, баскетбол, батут тІехь кхийссаваларш.

http://www.sibiryak-sport.edusite.ru/ - хІокху хьукуматан официалан сайт тІехь ма-ярра информаци йовза йиш ю. Телефон: 8 (3463) 200-638.

Муниципалан бюджетан хьукумат (кхидІа иза МБУ)

«Іаьнан спортана тайпанашан СШОР» - олимпийн спортан тайпанашан кечам хилийтаран гІуллакхашка хьожу:

- биатлон, когсалазан хехкарш, хоккей.

Ма-ярра информаци схьаэцаран хІокху адрес тІе ваха веза:

Нефтеюганск-гІала, мкр. 2, 10-гІа цІа, 3-гІа кІелвахар. Телефонаш: 8 (3463) 517-960, 8 (3463) 222-823. Хьукуматан официалан сайт: https://sportzim86.ru/. информаци йовза йиш ю

МБУ «СШОР «Спартак» - хІара тайпана спорташ юкъа лоцу:

- бокс, мини-футбол, мукъа тасвалар, волейбол, шунан тІехь теннис, спортан аэробика, ММА ийна къовсаман вовшахлатарш, яйн а, еза а атлетика. Ма-ярра информаци схьаэцаран хІокху адрес тІе ваха веза:

Нефтеюганск-гІала, мкр. 14, 1-гІа гІишло (Спортан комплекс «Олимп»).

Телефон: 8 (3463) 202-171. Спортан дакъана телефон: 8 (3463) 249-398.

Хьукуматан официалан сайт: http://www.spartak.hmnasy.sportsng.ru/

МБУ ЦФКиС (Физкультурана а, спортана а центр) «Югран жовхІар» (бахархойчеран механ гІуллакхашка хьажар):

- нека дар, берашна могушалла таен нека дар, аквапарк, фитнес, солярий, банин а, могушалла таен а комплексана гІуллакхаш.

Ма-ярра информаци йовза йиш ю:

- телефон чухула: 8 (3463) 313-515,
- хьукуматан официалан сайт: http://www.sk-yugra.ru/

МБУ «Вовшахлатаршна СШОР» -

дзюдо а, каратэ а тайпан спорташ юкъи лоцу, кхин а тренажоран чоь а, варкаут юкъи йогІу. Хьукуматан официалан сайт тІехь ма-ярра информаци йовза йиш ю:http://www.judougansk.ru/ я адресца: Нефтеюганск-гІала, Усть-Балыкски урам, 15-гІа гІишло. Тел.: 8 (3463) 230-149.

МБУ ФКиС «Жилин С.А. цІарца Юганск-Пхьар» -

олимпийн йоцу тайпан спортана юкъи йогІу – мотоциклетан спорт.

Хьукуматан официалан сайт тІехь ма-ярра информаци кечъйина ю:

www.uganskmaster.ru я адрес тІехь: Нефтеюганск-гІала, Ленинан урам, 18-гІа гІишло, 2-гІа чоь. Телефон: 8 (3463) 285-046.

Текст данного документа с русского языка
на чеченский язык перевел переводчик
**Давронова Дарья исмаиловна**